

## Kisa yon Zòn Antrepriz ye?

Zòn Antrepriz Orange County ofri ranbousman taks ak kredi ba tout biznis ki envesti nan Zòn Antrepriz yo.

Ankourajman sa yo ede redui kou relokalizasyon biznis yo, travo ekspansyon ak kreyasyon djòb, pandan y ap pwomouvwa investisman nan Zòn Antrepriz la.

Orange County gen de (2) Zòn Antrepriz. Andedan *Zòn Antrepriz Orange County* a genyen pòsyon nan vil Eatonville, Vil Orlando ak sektè nan Orange County ki poko gen minisipalite.

*Zòn Antrepriz South Apopka* gen pòsyon nan Vil Apopka andedan li ansanm ak kominote ki pa gen minisipalite tankou South Apopka ak Zellwood.



## Jwenn plis detay sou Zòn Antrepriz lan

Pèsonèl Zòn Antrepriz la kapab reponn kèlkeswa kesyon ou ta genyen, yo kapab ede w deside si ou kalifye pou òf sa yo epi ede w ranpli fòm aplikasyon pou pwomosyon Zòn Antrepriz (EZ) yo.

Rele nou pou kapab benefisye yon konsiltasyon ki itil e gratis nan telefòn oswa nan biznis ou epi konstate kijan **EZ KAPAB MACHE POU W!**

Orange County Planning Division  
Luis Nieves-Ruiz, AICP  
Senior Planner  
201 S. Rosalind Avenue, 2nd Floor  
Orlando, FL 32802  
Telefòn: (407) 836-5600  
Faks: (407) 836-5862

Pou kapab jwenn asistans pou malantandan oswa pou enfòmasyon nan lang Panyòl, rele Orange County Government Service Center nan 311 oswa 407-836-3111.

[www.ocfl.net/ezone](http://www.ocfl.net/ezone)



## Orange County/South Apopka Pwogram Zòn Antrepriz



**N ap founi ankourajman  
ba bizinis ki  
okipe timoun**



[www.ocfl.net/ezone](http://www.ocfl.net/ezone)

## EZ kapab mache pou w!

Pwogram Zòn Antrepriz fè sa vin izi «EZ» pou antrepriz yo mache byen anske yo ofri posibilite pou ranbouse taks poutèt yon biznis te relocalize oswa yon biznis te vin agrandi, poutèt biznis lan te envesti nan komiinite a, oswa poutèt yo te renove pwopriyete a ki andedan zòn lan.

Youn nan òf ranbousman taks sa yo aplike dirèkteman pou etablisman ki okipe timoun ki sitye andedan Zòn Antrepriz lan. «Egzanpsyon taks pou etablisman ki okipe timoun» (Child Care Facility Property Tax Exemption) benefisyè pwopriyete etablisman komèsyal otorize ki okipe timoun epi se sa tiliv la okipe sèlman.

Nan pami lòt òf rediksyon taks, genyen:

- Ranbousman taks sou lavant ekipman pou biznis la
- Ranbousman taks sou lavant materyo pou bilding lan
- Kredi taks pou kontribisyon nan kominote a
- Kredi taks pou djòb
- Kredi pou taks sou pwopriyete



## Èske mwen kalifye?

### Èske ou sitye andedan Zòn Antrepriz lan?

Al gade sou [www.ocfl.net/ezone](http://www.ocfl.net/ezone) pou kapab wè plan limit Zòn Antrepriz lan oswa kontakte Anplwaye Zòn Antrepriz lan pou kapab jwenn asistans.

### Èske etablisman an gen otorizasyon pou fonksyone?

Pou kapab kalifye pou yon egzansyon, etablisman k ap bay swen sante pou timoun dwe genyen yon otorizasyon (yon lisans) Depatman Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta Florid te bay.

### Èske bilding lan se pou w li ye epi èske ou peye taks sou pwopriyete?

Pwopriyete yon etablisman komèsyal ki okipe timoun dwe pwopriyete bilding lan tou epi li dwe ap peye taks ad valorèm yo. Bilding rezidansyèl pouki yo mande ranbousman pou rezidans prensipal (egzanpsyon homestead) pa kalifye.

### Èske yo te sèvi ak pwopriyete w antan yon etablisman komèsyal ki okipe timoun depi 1ye janvyè nan ane demann ranbousman an te fèt?

Etablisman swen sante pou timoun lan dwe pwopriyete yon moun ki sèvi li antan etablisman komèsyal ki okipe timoun depi 1ye jou nan ane yo te fè demann ranbousman taks la.



## Kijan pou aplike

### Kilè mwen kapab fè demann ranbousman an?

Ou dwe remèt Fòm DR-418E ba Ajans Developman Zòn Antrepriz lan (Enterprise Zone Development Agency - EZDA) anvan 1ye fevriye nan ane pouki ou vle fè demann ranbousman an. Fòm yo disponib nan biwo EZDA oswa ou kapab jwenn yo sou sit wèb Orange County an ki liste nan enfòmasyon kontak ki nan do tiliv sa a.



*Sunshine Preschool ekonomize apepre \$5500 chak ane nan taks sou pwopriyete poutèt li patisipe nan Pwogram Zòn Antrepriz lan.*

### Èske mwen bezwen reyaplike chak ane epi pandan konbyen ane mwen kapab fè demann ranbousman an?

Depi yo fin aksepte demann aplikasyon ou, ou pa bezwen reyaplike ankò. Ranbousman an otomatik chak ane epi etablisman an ap jwenn ranbousman an toutotan li kalifye epi toutotan se menm moun lan ki pwopriyete a.